



Lakou Dèyè e Pi Lwen

Bati yon Benwa pou Abèy

Abèy ak lòt polinizatè yo ede flè yo lè yo mikse polèn yo ak flè yo, men pou polinize plan yon travay ki fè yo swaf! Abèy ak lòt polinizatè bezwen bwè dlo, menm jan ak lòt bêt. Yo bezwen rafrechi tèt yo, men yo pa bezwen naje. Fè yon senp benwa pou kapab bay polinizatè lokal ou yo yon kote ki sen pou kapab bwè byen rapid.

Kisa ke ou bezwen:

- Yon ti konntenè ke ou kapab re-tilize, tankou yon vye bòl.
- Ròch, ti branch, ekòs—ki ase pou kapab rantre nan ti bòl la
- Dlo



Kisa pou fè:

1. Ranmase materyèl ou.
2. Ranje ròch yo, branch yo oubyen ekòs lan nan bòl lan. Ranje yo pou ke polinizatè yo kapab vizite benwa e pou yo gen yo kote pou yo ateri.
3. Mete dlo nan bòl la. Ou vle mete ase dlo pou yo kapab bwè, men pa twòp dlo pou li kouvrir kote pou yo ateri an. Polinizatè yo vle bwè dlo e rafrechi tèt yo, men yo pa bezwen naje.
4. Jwenn yon bon kote pou plase benwa pou abèy ou an—kote li pap tonbe e nan mitan plant kap fleri.
5. Kite benwa abèy ou an sal tou piti! Abèy prefere dlo ki "sal" paske yo gen mineral enpòtan tankou kalsiòm, potasyòm, ak magnezyòm ki kapab ede yo rete an sante.



Jwenn plis aktivite pou lakay ou nan <http://discoveryacton.org/discovery-home>.

978-264-4200 • 177 Main Street (Route 27) • Acton, MA 01720 • discoveryacton.org